www.esa-conference.ru

# Jámiyetti demokratlastırıw hám xalıqtıń siyasiy mádeniyatı

Sherniyazova Gulnara Utenyazovna, siyasiy ilimler kandidatı, dotsent
Berdaq atindag'I Qaraqalpaq Ma'mleketlik Universiteti, No'kis qalasi, O'zbekstan

# Демократизация общества и политическая культура народа

Шерниязова Гульнара Утениязовна, кандидат политических наук, доцент
Каракалпакский Государственный Университет имени Бердаха, г. Нукус, Узбекистан

**Аннотация**. *В статье раскрывается становление политической культуры узбекистанцев, её способность к принятию демократических процессов, которая отчётливо проявилась в реструктуризации, институционализации общества в период независимости. Наилучшим примером этого является возрождение деятельности такого консолидирующего элемента гражданского общества, как махалля, сход представителей граждан. Также подчеркивается, что в современных сложных условиях от политики как таковой, от культуры участия в политической жизни и в принятии государственно-значимых решений в огромной степени зависит судьба, благополучие и стабильность общества.*

**Ключевые слова**: *независимость, политическая культура, демократическое общество, институт власти.*

Dúnyalıq demokratiyalıq tájiriybeni hám milliy dástúrlerdi túsiniw múmkinshiligin ashqan Ózbekstannıń biygárez rawajlanıw jolına shıǵıwı, demokratiya menen siyasiy mádeniyattıń qarım-qatnasın sheshiwge zárúrli siyasiy, sociallıq hám ruwxıy tiykar jarattı. «Biz húrmetli Birinshi Prezidentimiz Islam Abduǵanievich Karimov baslap bergen keń kólemli siyasiy, ekonomikalıq hám sociallıq reformalar jolın awmastan, qatań hám basqıshpa-basqısh dawam ettiremiz. Bul jol – erkin, demokratiyalıq, insanıy mámleket qurıw, puqaralıq jámiyetti qáliplestiriw, Watanımız ekonomikalıq qúdiretin jetilistiriw hám bunnan bılay da rawajlandırıwdıń bekkem tiykarı sanaladı» [1, 2], degen edi mámleketimiz basshısı Mirziyoev Shavkat Miromanovich Ózbekstan Respublikası Prezidenti lawazımına kirisiw saltanatlı ilajına baǵıshlanǵan Oliy Majlis palatalarınıń qospa májilisinde.

«Búgin Ózbekstan óz rawajlanıwınıń jańa basqıshına bekkem qádem qoymaqta. Elimizdi modernizaciyalaw, insan huqıq hám erkinliklerin, nızam ústemligin támiyinlew tiykarında Ózbekstannıń jańa, demokratiyalıq kelbeti jaratılmaqta. Bul baǵdarda "Háreketler strategiyası"nda belgilep berilgen "Milliy tikleniwden – milliy jetilisiwge qaray" degen baslı ideya biz ushın baǵdarlama bolıp xızmet etpekte [2]».

Ǵárezsizlik qáliplesken jámiyetlik turmıs tárizi menen qádriyatların túpkilikli buzdı, xalıqtıń tolıq ráwishte rawajlanıwı ushın aldın kórilmegen siyasiy, sociallıq, ekonomikalıq hám ruwxıy tiykarlardı ashtı, demokratiya hám siyasiy mádeniyattı rawajlandırıwǵa múmkinshilik berdi. Bul tariyxıy imkaniyattıń ayrıqshalıǵı – ol bir jaǵınan, dáslep qurıwshılıq qábiletke baǵdarlanǵan úlken potencialǵa iye bolsa, ekinshi tárepten, adamlar tariyxtıń hár qanday sınawın múnásip ráwishte qabıl etiwge, onı millet máplerine aylandırıwǵa tayar ekenliklerin kórsetiwi ushın úlken imkaniyat esaplanadı. Keńislik-waqıtlıq konteksttegi hár qanday tariyxıy imkaniyat bir mártelik hádiyse bolıp, ol endi belgili bir tákirarlanıwshılıqtı ańlatpaydı. Millettiń buǵan ózi uyǵınlasıwı júdá áhmiyetli.

«Ǵárezsizlik biz ushın úlken keńisliklerdi ashıp, keleshegimizdi óz qolımız benen qurıwǵa, óz táǵdirimizdi belgilewge, turmısımızdı hám ortaq úyimizdi milliy máplerimiz benen qádriyatlarımızǵa, bárshe tán alatuǵın demokratiyalıq standartlarǵa sáykes bolatuǵınday etip qurıwǵa ayrıqsha tariyxıy imkaniyat berdi». [3, 5]

Ǵárezsizlik, hám tábiyiy nızam, hám imkaniyat sıpatında múmkinshilikleri ámelde to'wsilmeytuǵın mánide júdá bay kórinedi. Millettiń bul múmkinshilikti qanshelli paydalana alıwı onıń tolıqlıǵına baylanıslı. Bunday faktorlardan biri demokratiya hám siyasiy mádeniyattıń ózara qarım-qatnasta, birlikte bolıwı esaplanadı. Áyne demokratiya hám siyasiy mádeniyat siyaqli tandem jámiyettiń demokratiyalıq civilizaciyalıq rawajlanıwında sistemanı qáliplestiriwshi element - faktorǵa aylanıwı múmkin. Demokratiyalıq processler menen siyasiy hám mádeniy standartlardıń funkcionallı óz-ara háreket etiwi ushın, yaǵnıy jámiyettiń «taza» dástúrlerge bolǵan hadallıǵı faktorı menen innovaciyalıq process barlıq demokratiyalıq ellerde quramalı másele bolıp tabıladı hám olardıń barlıǵı ózara qarama-qayshılıqlardı jeńiwge baylanıslı máselelerdi sheshiwge beyim.

Birqansha ilimiy oraylarda házirgi kúnge shekem «shıǵıs mentaliteti» jámiyetti demokratlastırıwǵa uqıplı emes degen tezis bar (al siyasiy mádeniyat onıń ajıralmas bólegi sanaladı). Izertlewshilerdiń pútkil toparı, siyasiy elitanıń bir bólegi mámleket penen puqaralar arasında ásirler dawamında qáliplesken Shıǵıstıń siyasiy mádeniyatı sisteması – bul demokratiyalıq jańalanıwlarǵa, ózara qarım-qatnas processlerine hámde demokratiya hám hákimiyat strukturalarındaǵı civilizaciyalıq principlerdi bekkemlew processine tosqınlıq etedi, dep asıra kórsetedi. Degen menen, biziń elimizde ǵana emes, sonıń menen birge totalitarizmniń qullıǵınan azat bolǵan kóplegen basqa ellerdegi demokratiyalıq qayta qurıw tájiriybesi bunday kórsetpelerdi biykarlaydı. Názerimizde bul jerde, gáp demokratiya, jámiyetti demokratlastırıw hám jergilikli tájiriybege, jańa siyasiy sistema tiykarlanatuǵın principlerge muwapıq shólkemlestirilgen siyasiy ámeliyat arasındaǵı ózine tán qarama-qarsılıqlarǵa

emes, al demokratiya hám millettiń siyasiy mádeniyatı qanday maqsetler, qanday siyasiy kúshlerden paydalanıwı haqqında ketpekte.

Demokratiya hám siyasiy mádeniyat ortasındaģı múnásibetlerdegi bul haqıyqatlıq olardıń jámiyetti tártipke salıwda «qatnası» menen baylanıslı kóplegen basqa máselelerge aydınlıq kiritedi hám usı máseleni Ózbekstan ushın áhmiyetli etedi. Sonlıqtan bul másele qánigelerdiń dıqqat orayında qatań orın alıp keldi, al jámiyet óz ornında, hámiyshe buģan kútá mútáj bolģan hám házir de bul mútájlik dawam etpekte.

Demokratiyanıń funkcional baylanısları hám hár bir jámiyettiń siyasiy mádeniyatı qanday qáliplesiwiniń tiykarları, sistemanı qáliplestiriwshi faktorları máselesi áhmiyetli fundamental másele esaplanadı.

Hár bir mámlekettiń rawajlanıw modeli tájiriybesi, rawajlanıw procesinde olar basınan keshirgen kataklizmler áhmiyetli ózara baylanıslılıqqa, hátte demokratiya hám siyasiy mádeniyattıń ózara baylanıslılıǵı jámiyettiń turaqlılıǵı hám rawajlanıwınıń tiykarǵı faktorı sıpatında baǵdarlanadı.

Eń dáslep demokratiya jámiyetti, mámleketti hám siyasiy mádeniyattı basqarıwdıń eń jaqsı modeli retinde qunlılıqlardı, minez-qulıq dástúrlerin jáne jeke tulǵanıń siyasiy minez-qulıq normaların mudamı bayıtıwdıń jıyındısı retinde, jámiyetti basqarıwdıń qolaylı modelin qurıwǵa baǵdarlanǵan. Sonıń menen qatar, siyasiy mádeniyatqa qatnaslı demokratiya belgili bir ortalıqta qabıllanbay, óziniń institucionallı (sırtqı) kórinisi retinde háreket etedi.

XXI ásirdiń baslarında demokratiya hám jámiyettiń siyasiy mádeniyatı óz-ara baylanıslılıǵı, tiykarǵı tendenciya sıpatında, óziniń tolıq demokratiyalıq potencialın kórsetiw ushın keń imkaniyatlarǵa iye boldı. Keyingisi, ádette, demokratiyalıq tendenciyalarǵa qaraǵanda siyasiy múnásibettiń ózgermes tendenciyasında, yaǵnıy siyasiy mádeniyattı eń jańa dárejedegi iykemlesiwshilik hám jańa demokratiyalıq, hákimiyat múnásibetlerine iykemlesiwine baǵdarlanǵan halda toltırıwda, eń dáslep siyasiy institutlar iskerliginde ózin kórsetedi.

Elimizde dástúriy sociallıq hám siyasiy institutlardıń pútin sisteması islep shıǵılmaqta: Hákimler institutı, olardı saylaw hám tayınlaw tártibi, mámleketti demokratiyalıq jańalanıwlar orayına kóteriw, Prezidentliktiń joqarı demokratiyalıq potencialı hám ulıwmaxalıqlıq referendumında pútkil xalıq ushın maqul bolǵan konsensus, Prezident hám Oliy Majlis deputatları hám basqa da mámleketlik uyımlar menen tikkeley baylanıs, hákimiyattıń barlıq tarmaqların demokratiyalıq túsinisiw sheńberinde strategiyalıq mańızǵa iye bolǵan áhmiyetli máselelerdi birgelikte sheshiw.

Huqıq qorǵaw uyımların, jergilikli hákimiyat organların, ózine tán "ózbek modeli"n qáliplestiriwde Prezident hám Parlament ortasında konsensusqa erisiw ushın óz-ara kelisiw ámeliyatı ózbekstanli jámiyetiniń kóp ásirler boyı siyasiy kóz-qaraslarınıń basqa demokratiyalıq jámiyetlerde sınap kórilgen demokratiyalıq principler menen ózara múnásibetleriniń jarqın kórinisi sanaladı.

Demokratiya hám siyasiy mádeniyat, olar qaysı jámiyet wákili bolıwına qaramastan, tek sap endogen táreplerin inabatqa alǵan halda yaki olardı dáwirge maslastırǵan halda, olar qararlardıń mámleketlik áhmiyeti haqqında konsensusqa erisiw ushın maksimal imkaniyattı kórsetse ǵana óz-ara birge islesiwge erisedi. Ózbekstan xalqınıń siyasiy mádeniyatı, demokratiyalıq processlerdi qabıl etiw qabileti ǵárezsizlik dáwirinde jámiyetti qayta qurıw hám institucionalizaciya etiwde anıq kórindi. Buǵan puqaralıq jámiyettiń máhálle, puqaralar jıyını sıyaqlı birlestiriwshi elementi xızmetin janlandırıw mısal bola aladı. Bul tiykarınan puqaralıq jámiyet tarawı bolsa da, puqaralar jıyınlarınıń strukturalıq qurılmasında hám kúndelikli iskerliginde máhálleniń sociallıq uyǵınlıqtı saqlawǵa baǵdarlanǵanlıǵı, puqaralardıń bárshe dárejedegi mámleketlik hákimiyatınıń siyasiy kúshin ańlaw ámeliyatı anıq kórinedi.

Búgingi quramalı sharayatta jámiyettiń táǵdiri, abadanlıǵı hám turaqlılıǵı kóp tárepten siyasatqa, siyasiy qatnas mádeniyatı hám mámleketlik áhmiyetli qararlardı qabıl etiwge baylanıslı. Biziń sharayatımızǵa kóre, bul tendenciya, birinshiden, demokratiyanıń maqsetke baǵdarlanǵanlıǵı hám jámiyettiń siyasiy stereotipleri, olardıń shaxs, hár bir puqaranıń turmıslıq máplerine baǵdarlanǵanlıǵı asıp barmaqta, ekinshiden, eger jámiyet demokratiyalıq processlerge qızıǵıw ruwhı menen uyǵın bolsa óz maqsetine erispekte. Bir sóz benen aytqanda, bul úlken turmıslıq mashqala.

Demokratiya hám siyasiy mádeniyattıń ózara baylanıslılıǵınıń áhmiyetli tárepi sonda, olar bir-birine baǵdarlawshı faktor bolıp xızmet etedi. Bul, ádette, demokratiya da, siyasiy mádeniyat ta bir-birine «proporcional» qarama-qarsı jaylasıwı menen túsindiriledi. Demokratiya sol aymaqtaǵı xalıqlardıń, tiykarınan titullı milletlerdiń dástúrlerine iykemlesedi. «Hárbir xalıq óz demokratiyalıq tiykarında demokratiyalıq huqıqıy mámleketti jaratadı. Bul máselede absolyut erkin bolǵan xalıq bir waqıttıń ózinde dáslep óz milliy mámleketshiliginiń tiykarlarına súyenedi». [4, 4].

Sonıń menen birge, siyasiy mádeniyat júzege kelip atırǵan milliy siyasiy sistemanıń tiykarǵı, sapalı faktorı, jámiyet turaqlılıǵı hám rawajlanıwınıń faktorı bolıp, demokratiyalıq tásirlerge, sociallıq turmıstıń barlıq tarawların jańalawdıń tariyxıy zárúrligine ashıq bolmawı múmkin emes. Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti I. Karimov jazǵanınday, "... dástúrler, ullı miyraslar hám xalıq danalıǵı – bul ózin-ózi ańlaw hám ózin páklewdiń turmıslıq shárti sanaladı". [5, 140].

Tájiriybe sonı kórsetedi: demokratiyalıq innovaciyalar hám xalıqtıń siyasiy stereotipleri ob'ektiv shınlıqqa jaqınlaǵan gezde «ózara untaqlaw» basqıshınan óte aladı, bunday «untaqlaw» eldiń jańa tarixıy shegaralarǵa ótiwiniń áhmiyetli faktorı bolıp tabıladı.

Álbette, belgili dárejede, funkcional baylanıslılıqtıń quramalı processi, oyımızsha, faktorlar, ulıwmalıq faktor bolmaǵanında, jámiyet ushın zárúr bolǵan bálentlikti ala almaǵan bolar edi, bunıń tiykarında usı process tariyxıy jaǵdaydıń quramalıǵında tabıslı ámelge asırılǵan edi. Demokratiya hám milliy siyasiy stereotipler, minez-qulıq normalarınıń óz-ara tásir sebepleri hám derekleri qanday, onıń tiykarı qaerde? Bul bárinen burın mádeniy sıpattaǵı faktor. Biz tariyxıy faktorlardıń tásirinen hár túrli tásirge ashıq demokratiyalıq jámiyet qáliplestiriw processin kúsheytetuǵın, ayrıqsha demokratiyalıq plyuralistlik mádeniy ortalıq, ásirler dawamında qáliplesken social-mádeniy keńislik tuwralı aytıp

otırmız. Tariyxıy keńislikte hár túrli etnikalıq, diniy hám aqır sońında siyasiy kúshlerdiń eniwi menen qıyılısına baylanıslı ayrıqsha plyuralistlik «demokratiyalıq landshaft» payda boldı. Tap usı bir ayrıqsha keńislikte xalıqtıń demokratiyalıq qaǵıydaları menen siyasiy ideyaları házirgi áwladqa qajet bolatuǵın, úylesimli bolatuǵın sociallıq jaǵdaylar jaratıldı.

Xalqımızdıń demokratiyası turmıstıń derlik barlıq tarawlarında: ekonomikalıq, siyasiy, mádeniy hám ruwhıy turmısında, múnásibetler sistemasında: shaxslararalıq, sociallıq múnásibetlerden tartıp, basqa mámleketler xalıqları menen qatnasıqlarına shekem kórinedi. Ózin basqalarǵa qarama-qarsı qoyıw, ózge adamlarǵa ózine tán ústemlik tuyǵısın oyatatuǵın etnonaciyalıq ózi-ózin ajıratıw ideyası heshqashan mánige iye bolmaǵan, xalıqtıń psixologiyası hám dúnyaqarasına tásir kórsetpegen.

Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti I.A. Karimov aytqanınday, "... demokratiya bizge teoriyalıq hám siyasiy múnásibetler menen baylanıslı bolǵan process emes, al turmıs tárizi, psixologiyası, úrp-ádetleri hám mádeniyatınıń ózine tán ózgesheliklerine uqsaydı. Xalıq qálbinde ózin kórsete almaǵan demokratiya xalıqtıń ajıralmas bólegi hám turmıs tárizi bola almaydı". [3, 185]

Demokratiya óziniń hárqıylı kórinislerinde uzaq waqıttan beri baylanıs, pikirlew tárizinde, basqa xalıqlar menen múnásibetlerde hám xalqımızdıń demokratiyalıq sanasınıń túbine "otırǵan". Demokratiya, rawajlanıw, turaqlılıq ideyaları hám basqa fundamental sociallıq qádriyatlar xalıqtıń qálewin, niyetin hám háreketin qáliplestiredi. Usı qádriyatlar tek milliy ǵárezsizlik, mámleketlik suverenitet hám Ózbekstannıń rawajlanǵan mámleketler qatarına qosılıwı sharayatında tolıq kórinis taptı.

Xalqımızdıń demokratiyalıq processleri hám milliy ózgeshelikerin uyǵınlastırıw ushın jámiyettiń siyasiy sistemasınıń aldıńǵı demokratiyalıq principlerine tiykarlanǵan jańa mámleketti qáliplestiriwde, mámleketlik hákimiyattıń jańa dúzilisinde, mámleket hám puqaralar arasındaǵı qatnasıqlardıń absolyut jańa túrin sana, kónlikpe hám tájiriybege muwapıq halda qáliplestiriwde qolaylı siyasiy sharayatlar jaratılmaqta.

Hákimiyatlar institutın tastıyıqlaw, olardı tańlaw tártibi, olardıń jumısın tártipke salıwshı normalar, jergilikli hákimiyat hám puqaralar ortasındaǵı múnásibetler principleri, hám aqır-aqıbet usı mexanizmniń tabıslı xızmet kórsetiwi hám dinamikası házirgi basqıshta demokratiyalıq institutlar, jámiyet dástúrleri hám zaman sınawına dus kelgen demokratiyalıq institutlar anıq tastıyıqlaydı. Usı jıllar ishinde olar Ózbekstan xalqınıń ásirler boyı umtılısların, tereń demokratizaciyalaw ushın siyasiy jaǵday jasaw ideallarıń ámelge asırıwdıń zárúr sharayatlarına aylandı.

**Paydalanilg'an a'debiyatlar**:

1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. -Т.: «Ўзбекистон», 2016. 56 с.
2. https://president.uz/uz/lists/view/2846
3. Каримов И.А. Узбекистан на пороге XXI века: угрозы безопасности, условия стабильности и гарантия прогресса. -Т.: «Узбекистан», 1997. 318 с.
4. Жамият ва бошкарув. 1997. № 1.
5. Каримов И.А. Узбекистан по пути углубления экономических реформ. -Т.: Узбекистан, 1997. 250 с.